

# Kouman pou w Dezenfekte alamen avèk Dezenfektan Chimik

Gen 3 tip dezenfektan chimik òdinè ki apwouve pou antre an kontak avèk kote moun mete manje:

1. klorin (dlo javèl) 2. konpoze amonyòm kwatènè (quats) 3. yòd

Si w sèvi byen avèk dezenfektan chimik sa yo, sa pral redui kantite mikwòb yo nan yon nivo ki pa gen danje.

## SWIV ETAP SA A YO

### 1. KONPOZE YON SOLISYON DEZENFEKTAN.


- Li etikèt ki sou boutèy, sache, oubyen bwat la.
- Gade si li bay direktiv pou sèvi avèk pwodwi a sou aparèy ak istansil pou manje.
- Melanje dapre direktiv izin lan bay.

### 2. VERIFYE KONSANTRASYON AN AVÈK YON KIT POU FÈ TÈS.


Sa pral pèmèt ou konnen si solisyon an twò fò oubyen twò fèb.

### 3. SÈVI AVÈK SOLISYON AN SOU SIFAS KI AN KONTAK AVÈK MANJE, TANKOU

a. kaswòl, bonm, asyèt, planch pou koupe manje, epi istansil



b. tèt kontwa, tab, oswa lòt sipò ki nan plas fiks



### 4. KONTWOLE AVÈK YON KIT POU FÈ TÈS, POU VERIFYE KONSANTRASYON SOLISYON AN.

Aprè yon tan pase, yon solisyon pou dezenfekte kapab pèdi fòs li. Pou solisyon an efikas, li dwe pwòp epi li dwe kenbe fòs li.

**Pou Moun ki Anchaj la.** Lè w ap kòmande ak resevwa dezenfektan, gade si yo ekri EPA apwouve l pou antre an kontak avèk manje. Pou w sèten solisyon dezenfektan an ap efikas, veye pou tanperati dlo a, dire kontak la, ak konsantrasyon solisyon an kòrèk dapre rekòmandasyon yo. Gade si ou ka jwenn kit espesyal pou fè tès pou kalite dezenfektan ou pral sèvi a.